

Urugamba ruzira ingimba : n'iki?

Civil Resistance: A First Look

International Center on Nonviolent Conflict, 2011

Translator: Fikiri Nzoyisenga, July 2020

Urugamba ruzira ingimba : n'iki?

Urugamba ruzira ingimba n'uburyo abanyagihugu bato bato bahitamwo gukoresha kugira baharinire agateka kabo, umwidegemvyo, hamwe n'ubutungane bidaciye mu ntambara. Abanyagihugu bahisemwo urwo rugamba barashobora gukoresha ubuhinga butandukanye, nko guhagarika imirimo, kwiyonkora mu bintu bimwe bimwe (boycotts), imyiyerekano y'ikivunga, hamwe n'izindi nzira zo gusaba impinduka muvuy'ikibano, poritike hamwe n'ubutunzi. Mu gihe urugamba ruzira ingimba rwitwa amazina atandakunye hirya no hono kw'isi – iharanirwa ry'agateka mu bwitonzi, ukwigwanirira kw'abanyagihugu, ubushobozi bw'abanyagihugu, ugukanguka kw'abanyagihugu – hose usanga rurangwa n'ibintu bisa.

Imihari yo kwirwanirira igira inguvu kubera itanga icizere c'impinduka n'akazozo keza, bigatuma abanyagihugu bo mu mihingo yose - mbere harimwo n'abayoboze b'ubutegetsu buhari - bayishigikira cane mukurwanya agacinyizo. Mu gihe abanyagihugu benshi bahisemwo kudashigikira no kugarariza ubutegetsu bubi, burabangamirwa kuburyo haba hasigaye ko bwemera kwumviriza ivyo busabwa n'abanyagihugu, canke naho bugasenyuka. Hamwe hamwe, n'ubutegetsu bwari bufise inguvu za gisirikare zikomeye hamwe n'ubutunzi bukwiye, vyarabugoye guhangana n'abanyagihugu bahakaze basidukanye n'iyonka kubwiyamirizi babicishije mu nzira zitandukanye zo kugarariza ikivunga no guhungabanya ibintu bimwe bimwe.

« Ikintu gihambaye cane mu rugamba, n'ukumenyekanisha ibikorwa vyawe. Guhangaku gatwe kawe ata muntu n'umwe abizi bisa no guta umwanya. Utanguye urugamba, utegerezwa kugira ibishoboka vyose kugira abantu bamenye ivyo urimwo ». –Mkhuseli Jack

Muriki kinjana giheze mu migabane yose itandatu yo kw'isi hari imihari yo kwirwanirira mu mahoro itari mike yarashoboye kugarukana ubutungane hamwe n'umwidengemvyo iwabo inyuma yo kwirukana intwari z'agahotore, no guhangana n'intwari z'umuzanano za gisirikare. Ukwirwanirira kw'abanyagihugu kwarashoboye kubafasha gushika ku bintu bihambaye cane: gukuraho intwari ya karyanishamiryango (Apartheid) muri Afrika y'Epfo hamwe no kwirukana ubutegezi bw'umuzanano bwa Siriya muri Libani; guteza imbere agateka k'abakenyezi, uburenganzira bw'abirabure hamwe n'uburenganzira bwo gushinga amashirahamwe avugira abakozi muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika; gukuraho intwari

z'umuzanano muri Danemark hamwe no muri Timor y'ubuseruko; gufasha abahindi kwikurako ubukoroni bw'abongereza; kugira uruhara mw'isenyuka z'intwano y'igitugu muri Philipine, Chili, Indonesia na Serbiya; kwiyamiriza ubusuma bw'amatora mu bihugu bimwe bimwe vy'iburaya y'Uburengerero. Ahandi, urugamba ruzira ingimba rwarashoboye gushikana kw'itsimbatazwa rya demokarasiya, iyubahirizwa ry'agateka ka zina muntu, hamwe n'ukwigenga k'ubutungane.


Amajambo nshimikiro

Urugamba ruzira ingimba hamwe n'akarangamutima ko kudakoresha ingimba.

Urugambwa ruzira ingimba n'uburyo bwo guhangana mu vya poritike. Akarangamutima ko kudakoresha ingimba n'ingingo ngenderwako zibuza gukoresha inguvu n'ubukozi bw'ikibi. Imihari yo kwirwanirira y'abanyagihugu mu Ubuhindi hamwe n'Umurwi Waharanira Uburenganzira bw'Abirabure muri Reta Zunze Ubumwe z'Amerika, yashitse kuko yipfuzaga kubera yashira imbere akarangamutima ko kudakoresha ingimba. Naho biruko, ntanahamwe intambara ya poritike itegeka abantu gukoresha inguvu mugihe bibaye ngombwa. Muri kahise, birashoboka ko imihari myinshi, naho yirinze gukoresha ingimba, ntiyari yabikoze kubera akarangamutima ko kutayikoresha. Ahubwo, n'uko yabona ko aribwo buryo bwonyene canke bushoboka bwo gukora urugamba rwabo.

Ububasha bw'akagwi hamwe n'Ububasha bw'abanyagihugu.

Ahantu henshi, abantu barakunda kwiyumvira ko uturwi tw'abari hejuru arito dufise ubusha (raba mugicapo 1), bisigura yuko abantu bato bato atajambo bafise, ko ingingo zose zifatwa n'akarwi k'abantu kiziziye ubutegetsu. Muri mwen'izi ntwaro, ububasha usanga bufise abantu bake bari ku butegetsu kubera aribo bagenzura ubutunzi n'inguvu z'umuheto. Baca bibaza ko ubwo bubasha buzokwamaho kandi ko bugoheye guhindura. Ivyo nivyo ukwirwanirira kw'abanyagihugu kuza guhinyuza (igicapo2) kuko gufatiye kuyindi ngendo yuko mu bihugu vyose, inguvu za leta nubundi butegetsu bwose buyikomokako zishingiye kukugamburuka kw'abatwarwa. Dufashe ko ububasha butangwa n'abanyagihugu, bisigura ko ubutegetsu bubaho kubera bwemerwa kandi bugashigikirwa n'abanyagihugu bo mu mihingo yose. Usanga ari ubutegetsu butarimwo inzitizi kuko bukura inguvu zabwo mu gukorana neza n'inzezo



zitandukanye hamwe no kumviriza abanyagihugu. Nico gituma imihari yo kwirwanirira yemeza ko iyo abanyagihugu bagiye hamwe bakunga urunani, barafise ubushobozi bwo kubuza leta gukora neza, canke bakayisubiriza.

Ukwirengagiza ibikorwa hamwe n'ibikorwa bitamenyerewe.

Muri kahise, abigwanirira mu mahoro barakoresheje ubuhinga bwishi butandukanye, buri mu murwi ibiri. Ku ruhande rumwe, ukwirengagiza ibikorwa, bisigura uguhagarika giturumbuka ivyo ujejwe canke ivyo utegerezwa gukora. Mur'uwu murwi harimwo uguhagarika akazi, ukutariha amakori, hamwe no kwiyonkora mu bintu bimwe bimwe (boycott). Mu rundi ruhande, ibikorwa bitamenyerewe ni harya abanyagihugu batanguye gukora ivyo batahorabakora, ibishasha canke ibibujijwe n'amategeko. Ni nko kugandaza mu bibanza bimwe bimwe, imyiyerekano y'ikivunga, n'ibindi bikorwa vyo kugarariza amategeko n'amabwirizwa. Urukurikirane rwiza rw'ubwo buhinga rutuma imihari y'abanyagihugu igondoza uwo bahanganye, nawe agahindura ingendo. Ivyo kandi biraha ingoga abandi bantu benshi bari mu buzima butandukanye bw'igihugu ryo kuza kwifatikanya n'iyi mihari kubera baba babona uburyo butandukanye budata mu rudubi bwo guserura umubabaro wabo mu mahoro.

Ubumwe, Integuro hamwe n'Umwanzuro wo kudakoresha ingimba.

Ingingo ngenderwako zitatu zituma urugamba rwo kwirwanirira rushoboka ni ubumwe, integuro itomoye hamwe n'umwanzuro wo kudakoresha ingimba. Ubumwe butsimbatara igihe abantu bava mu mice itandukanye vy'igihugu canke bafise ibibubakiye bitandukanye, bahuriye ku kuntuhera nyamukuru zimwe. Integuro ijanyeye no gupanga ingene ubuhinga butandukanye n'ibikorwa bikurubikuru bizoshirwa mu ngiro, hisunzwe ingene akarere kifashe. Bisigura kandi kwitegurira ingaruka zose bishobora gushika n'uburyo bwo guhangana nazo. Umwanzuro wo kudakoresha ingimba n'ukwiyemeza gukoresha, ibihe vyose uburyo, uburyo budasaba ingimba. Ico kirahambaye kubera ingimba ituma iboneka nabi, abanyagihugu bayiri inyuma bakayivamwo, amakungu nayo akayikurako amaboko, bigatuma idashika ku ntumbero yihaye.

Ibibazo Cumi

1. Ni gute abategetsi bakomeye bashobora kugondozwa n'abanyagihugu basanzwe babicishije mu rugamba ruzira ingima?

Nta mutegetsi yavukanye ububasha. Abategetsi bakomera kubera baba bafise abantu imiriyoni babafashe mu mugongo mu buryo buboneka canke mu buryo butaboneka. Kugira umutegetsi atsimbataze intwari yiwe, inyamiramabi, intwaramiheto, inzego z'ubutungane, hamwe n'ibindi bisata bigomba gukora akazi kavyo. Mu gihugu cose, abantu bategerezwa kuja kukazi imisi yose, kuriha amakori hamwe no kugura ivyankenerwa biba vyahinguwe

n'inganda za leta canke zemewe nayo. Abantu bakora mu bisata vyo kwunguruza ibintu n'abantu, gutumatumanako amakuru nabo bategerezwa kubandanya imirimo yabo kugira igihugu kibandanye kibaho. Ubwo ni bumwe mu burorero bw'ibisata bituma intwaro ihari ibandanya guhagarara.

Ivyo babitahuye neza, abategura urugamba rwo kwirwanirira baraha bagashiraho uburyo bwo guca intege ibisata bihambaye vy'igihugu, bigatuma ibintu ukwo biri bihinduka. Ishoboye guhimiriza abantu guhagurukira rimwe kubwinshi mu kwiyamiriza leta ihasha abantu baharanira agateka kabo, biratuma ubutegetsu buta icizere, bihangabany ubushobozi bwayo. Ivyo biratuma iyo leta biyigora kubandanya ihagaze neza – kuburyo n'abayishigikiye batangura kugira amakenga ku kazoza kayo, bakayiva inyuma bukebuke, gushika n'aho inanirwa kubandanya ikoresha inguvu mu guhohotera abanyagihugu.

2. Ni gute urugamba ruzira ingimba rutangura ?

Intambwe ya mbere n'uguha abanyagihugu bato bato ubumenyi bukwiye bwo gufata iya mbere mu rugamba. Mu gutegura abantu gusenyerera ku mugenzi umwe mu bikorwa, hakwiye gukoreshwa ubuhinga busanzwe kandi budashobora guta abantu mu mporero. Nk'akarorero, imbere yuko umuhindi Gandhi atanguza urugamba rw'abanyagihugu, yarafashe umwanya ukwiye (imyaka, amezi) mw'isekeza ryo gukangurira abanyagihugu bato bato mu mihingo yose yigihugu mu kubagenda no kuganira nabo kugira amenye ibibubakiye, amakenga bafise, hamwe n'impinduka bashaka gushikako. Vyaratumye atahura ingene ashobora kuronka icizere c'abanyagihugu n'ingene ashobora gukorana nabo. Yarahamagariye kandi abanyagihugu kwijukira « imigambi bwite » vyo kwiteza imbere no kwibeshaho batarinze kuzera inze kuri reta.

Abanyagihugu bamaze gutahura, haba hageze gutangura ibikorwa nyavyo, nko kwiyamiriza utugorane two mu kibano tufitanye isano n'ingorane nyamukuru zihanze abantu mu gihugu. Nk'akarorero, abatunganiye umuhari wo gufatana mu nda muri Polonye batanguye imbere na mbere kugahagarika akazi mu ruganda rumwe rukora ubwato. Ivyo vyatumye leta ibemerera gushiraho ishirahamwe ryigenga riharanira agateka k'abakozi . Iyo ntsinzi yaragize ingaruka kukuntu abanye Polonye babona ibintu mu gihugu cabo. Vyacyiye bituma uwo muhari ukomera kuko abanywanyi baguma biyongera ku bwinshi. Muri leta Zunz'Ubumwe za Amerika, ikumira rifatiye kurukoba imaze guhagara mu miji imw'imwe yo mubumanuko bw'amerika kubera ukugandagaza no ukwiyonkora mu bintu bimwe bimwe (boycott), umuhari w'abaharanira agateka k'abirabure warinjije abanywanyi benshi cane, uraronka n'ubufasha bukomeye buvuye mu mpande zose z'igihugu.

3. Nigute notunganya imyiyerekano ?

Abatunganya imihari y'abanyagihugu bategerezwa gutomora neza intumbero bashaka gushikako, bakisuzuma (inguvu bafise, utunenge twabo), bagasuzuma uwo bashaka

guhanga, bakarondera aho bashobora imfashanyo mu barorerezi bari mu gihugu canke hanze. Kugira umuhari w'abanyagihugu ubashe guhitamwo ubuhinga bwo gukoresha mu rugamba, utegerezwa kwiha amahangiro ya hafi n'aya kure abereye, hisunzwe uko ibintu vyifashe muri rusangi. Nko mu gihe bahisemwo gutunganya imyiyerekano, hari uburyo bwinshi bujanye n'ubuhinga bokoresha kugira bashike ku ntego yabo.

4. None atari myiyerekano, ntakindi gishoboka ?

Abantu benshi biyumvira yuko imyiyerekano aribwo buhinga bukomeye mu rugamba ruzira ingimba. Ariko suko biri kuko imyiyerekano ni kimwe mu buhinga burenga amajana abiri buzwi bwo guharanira agateka k'abanyagihugu mu mahoro ntangere. Uburorero bumwe bumwe bw'ubuhinga butandukanye bwo koresha ni nko kwiyonkora mu bintu bimwe bimwe (boycott) (murudandazwa, muri poritike no mu vy'ivyikibano) ; guhagarika imirimo, kwitonda mu kazi, kutariha amazu apanzwe, kutariha ikori, kwandikira amakete abategets, kutagamburukira ubutegets, kugandagaza, kuzibira uruja n'uruza, canke gushiraho inzego zo kuruhande.

Kugira umurwi uhitamwo neza urukurikirane rw'ubuhinga, bivana n'inguvu zawo, intumbero nyamukuru ufise, hamwe n'ukuntu akarere kaba kifashe muri rusangi. Mu gihe umuhari utarakomera bikwiye, ni ngombwa yuko uca uba urakoresha ubuhinga butuma abantu batabangamirwa cane, canke ubuhinga bwo mu mpisho nko kwiyonkora mu bintu bimwe bimwe (boycott), kumanika mu mpisho inzandiko canke ibimenyetso, ivyo vyose bikaba bigamije gutanga ubutumwa, gukangurira abanyagihugu, hamwe no canke gusotora ubutegets. Umuhari umaze gukomera, niho rero bishobora gukunda ko ubuhinga bwo kwiyamiriza ku mugaragaro, nk'amakoraniro canke urugendo vy'abantu benshi cane, imyiyerekano y'ikivunga, hamwe n'ukudakurikiza amategeko n'amabwirizwa.

Naho imyiyerekano arico gikorwa gisa nikizwi cane ku bantu bashaka gutanguza urugamba rwo kwirwanirira, ntabwo ari bwo buryo bwonyene canke bukomeye bwo kwirwanirira mu mahoro. Bivanye n'ingene akarere kifashe, ubundi buryo atari ubw'imyiyerekano burashobora gukoreshwa kandi bugatanga umusaruro mwiza kandi bidakwegeye mu ngorane abantu benshi. Ukwiyumvira bihagije, no kwiga akarere neza birafasha cane mu gutora ubuhinga bwo gukoresha.

5. Urugamba ruzira ingimba rwoba rushoboka ata murongozi akomeye aruri imbere ?

Muri kahise, hari imihari myishi y'abanyagihugu yashoboye kwigwanirira neza ata murongozi akomeye ayiri imbere. Umuhari warwanije intwari y'amacakubiri muri Afrika y'Epfo warareresheje urugamba neza mugihe umurongozi w'abo (Nelson Mandela) yari afunguwe kure cane yawo. Bisigura ko imbere y'ijamba n'ijamba ry'umurongozi, igihambaye cane n'ukumenya guserukira neza abandi, kubumviriza, kudakumira bamwe, gutahura

ingaruka mbi z'ibikorwa bimwe no kuzirinda, hamwe no kumenya kuja ingingo n'abandi imbere yo gufata ingingo iyariyo yose.

Vyongeye, hari izindi ngaruka mbi zo kwizera cane murongozi. Abari kubutegetsu barashobora kumugura, canke bakamufunga. Nico gituma imihari ikomeye ni imwe itunganijwe kuburyo naho vyoshika abarongozi bakuru bakahava, irashirimbere abandi baserukizi, urugamba rukabandanya ukuri kwamye.

6. Mugihe noba niyumvira yuko urugamba ruzira ingimba rudashoboka mu gihugu canje ?

Urugamba ruzira ingimba ntirwama rushikana ku ntumbero igihe cose. N'aho biruko, urwo rugamba rwarashobotse mu bihugu vyinshi aho "abahinga" n'abandi bashakashatsi biyumvira ko rutopfa rushobotse. Nk'akarorero, urwo rugamba rwashikanye kwitembagazwa rya jeneral Augusto Pinochet wo muri Chili, benshi bafata nk'umukuru w'igihugu atinyitse cane kwisi mu igihe ciwe. Vyongeye ntanumwe yigera yiyumvira yuko umurongozi yatwaza umukazo cane muri Serebiya, Slobodan Milosevic, batazira « Umuyangayanga wo muri Balkans » yokuwe ku butegetsi ata n'urusasi ruturitse. Yaratanze imihoho amaze kubona ko inzego zijejwe umutekano mu gihugu zamuvuye inyuma, ziranka no gukurikiza itegeko ryiwe ryo kurasa mu bantu ibihumbi n'ibihumbi bariko biyamiriza ubutegetsi bwiwe babicishije mu myiyerekano mu myaka w'2000.

Nimba mugifise amakenga yuko urugamba rwo kwirwanirira rudashoboka aho uherereye, ni ngombwa kuraba ko izindi nzira zakoreshejwe ahandi: guhindurira ibintu indani, kuja mu matora, kwitura inzego zose z'ubutungane, gutanguza ibiganiro n'abo mutavuga rumwe, kurondera imfashanyo mu makungu, canke naho gukoresha inguvu za gisirikare. Nimba koko urugamba ruzira ingimba rudakunda buri gihe, bisigura ko n'izo zindi nzira zidashikana misi yose ku ntumbero.

Muri ico gihe, uruhara rw'abatavugarumwe, canke rw'imihari y'abarondera impinduka, n'iyi kumenya inzira nyayo yo gufata, cane cane idashobora guta mu mporero abanyagihugu. Iyo biratuma bayishigikira ku bwinshi, ubutegetsi n'ababushigikiye bagacika intege bagateba bakagondozwa. Imihari myishi y'abatavugarumwe na leta yari ifise ubushobozi bwo gukoresha izo zindi nzira ariko ihitamwo urugamba rudasaba ibirwanisho rwo nyene, canke bakarujanisha n'izindi nzira zifitaniye isano nko kuja mu matora, kwitura ubutungane, kuja mu ibiganiro, hamwe no guhindurira ibintu indani.

7. Hokorwa iki mu gihe uwo muhanganye atanguye gukoresha ingimba ?

Ningombwa ko utahura ko abo muhanganye bashobora gukoresha inguvu umwanya n'umwanya. Vyaribonekeje cane no muri kahise. N'aho birukwo, iyo uwufise ubutegetsi akoresheje inguvu ntibisigura yuko umuhari w'abanyagihugu ataco uheza ushikeko. Hari

uburyo bwinshi bwo guhangana n'ikoreshwa ry'inguvu n'ubutegets, kugabanya ingaruka zayo, canke bwotuma abakoresha inguvu barwa mu rudubi, bikabagarukako

Icambere, n'ugukoresha ubuhinga butuma abo muhanganye babura aho babakura ngo babagirire nabi. Nk'akarorero, Kwiyamiriza kugura canke gukorersha ibintu bimwe bimwe n'ubuhinga bugoye guhagarika kubera vyobera henshi, bigakorwa n'abantu batandukanye, kandi ubutegets ntibwomeya ababirimwo. Rero mu gihe imyiyerekano y'abantu benshi ihashijwe, izindi nzira zirashoboka, cane cane amayeri yokorerwa henshi kandi atuma hataba uguhangana amaso muyandi n'inzego z'umutekano, nko kutariha ama tagisi, canke kuhagarika akazi hose mu gihugu

Icakabiri, imihari y'abanyagihugu irashobora kandi kwiga ubuhinga bushasha butuma abakoresha inguvu hamwe n'uguhohotera abantu bagwa mu mporero. Nk'akarorero, gufata amasanamu canke gutororokanya inkuru z'ukuntu abantu bahohoterwa, no kubishira kumugaragarar bituma ababikora bagira isura mbi mumakungu, mbere bigaca intege n'abazana imitahe muri ico gihugu. Ariko ihohotera ritama misi yose rigaruka kubarikora. N'ico gituma umuhari ukwiye kuraba ubuhinga bwo gupfupfahaza canke kugoa ubushozi bwa reta bwo gukoresha inguvu. Iyo biratuma iyo reta iboneka nabi kubayishigikiye mu gihugu no mumakungu.

Ica gatatu, mu bihugu vyinshi, inzego z'umutekano zarashimye kuvavanura n'ubutegets zija kwifatanya n'imihari y'abanyagihugu, nko muri Philippines muri 1986, Chili muri 1988, Serebiya muri 2000 hamwe no muri Ukraine mumwaka wa 2004, bituma inguvu za leta zoguhasha zigabanuka cane. Ukwo "guhema" kw'inzego z'umutekano kwavuye k'ubuhinga n'amayeri abatwara iyo mihari bakoresheje mukuzumvisha ko zidakwiye kubandanya zishigikira intwari zibuza abanyagihugu abanyagihugu kwidageme.

“ Nico gituma uguhasha kwagize ingaruka zitari zitezwe, kumwe kw'itegeko rya gatatu rya Newton rivuga kubintu bikorwa n'ingene vyakirwa. Nukuvuga iyo uhahaje abantu cane, baratinda bagatimba”. Ivan Marovic

8. Bica bigenda gute iyo bidashoboka ko uhinduzwa ivyiyumviro uwo muhanganye?

Kugira umuhari ushike ku ntumbero, si ngombwa ko wemeza akarwi afata ingingo zo guhasha. Ikintu nyamukuru ni kwemeza no gutahuzwa bamwe mu bashigikiye ako karwi.

Ibuka, imihari w'abanyagihugu igira inguvu kubera ifise ubushobozi bwo guhinduzwa ivyiyumviro abantu isinzi basanzwe bashigikiye ubutegets buhohotera. Igihe inkingi z'ubutegets zitanguye kugabanuka, nta n'akamaro ko kubwiringa ngo buhindure

ivyiyumviro. Bumaze kubona ko atamuntu akiri inyuma yabwo, buca butahura yuko atayindi nzira busigaranye atari yo kuganira kugira haboneke ubundi buryo bwo gutwara mu mwumvikano.

Nk'akarorero, ukwanka kugura ibidandazwa vy'abazungu muri 1985 bivanye n'akamo k'umuhari warwanya intwari ya karyanisha miryango mu gisagara ca Port Elisabeth muri Afrika y'epfo vyarahombesheje abandandaza gushika n'aho bagobera leta kugira ihindure ibintu ku neza ya bose. Abo bandandaza ntibarizze kunyurwa n'urugamba rwabashaka guhindura ibintu. Gusa baratahuye ko ari ngombwa yuko bavavanura na leta bashigikira bimwe mu vyasabwa n'uwo muhira kugira ibintu bisubire mu buryo.

« Mu vy'ukuri, icazanye impinduka muri Afurika y'Epfo, n'uguhagurukira rimwe kw'abanyagihugu isinzi... kwashize umukazo kuri leta... kugira ihindure ibintu... kurazana akajagari gushika n'aho leta ibura ukuntu ivyifatamwo ».

–Dr. Janet Cherry

9. Urugamba ruzoteba. Iyo vyihuta cane ko haba impinduka ?

Singombwa ko urugamba ruzira ingimba rufata igihe kirekire kugira rugire ico rushikako. Naho Umuhari wo Gufatana mu nda womuri Polonye vyawutwaye imyaka cumi kugira ushike k'ubutegetsi, muri Philipine hoho vyabatwaye igihe gito kugira bashobore kwirukana umunyagitugu, Ferdinand Marcos. Rero igihambaye kugira umuhari ushike ku ntumbero ntabwo ari umwanya, n'ubumwe buri hagati y'abanywanyi hamwe n'ubushobozi bwo gutegura ibikorwa vyawo neza.

10. Ni gute bashika ku ntumbero ?

Kugira umuhari ugire amahirwe menshi yo gushika ku ntumbero yawo, utegerezwa gushira imbere ubumwe, integuro nziza, hamwe n'umwanzuro wo kudakoresha ingimba.

« Ikigora imihari myinshi, n'utadashobora gufata nkanka intambwe zihambaye zo kubaka no gukomeza imihari, cane cane, ikarishabwenge kubanywanyi, kubinjizamwo agatima ko kudakoresha ingimba, kumenya gupanga akarere no kwitegurira ibikorwa neza, hamwe n'ubuhinga bwo kurondera no kwinjiza abanywa. Ivyo ntabwo ari bintu bikorwa giturumbuka, bisaba kuvyitondera cane. » – Rev. James Lawson

Ubumwe burakenewe kubera umuhari w'abanyagihugu ukomera mu gihe bose bawiyumvamwo kubera ushira imbere ivyipfuzo vya benshi mu bawushigikiye. Kandi n'ukumenya ko ata muntu yinjira mu muhari kugahato. N'aho bababazi ko bishobora

kubakwegera, abantu barawinjiramwo kubera bawizera. Ariko rero, iyo utarangwamwo ugukorerera hamwe, kandi udafise intumbero itomoye neza, benshi barawuvamwo. Muri rusangi, imihari y'abanyagihugu ikomeye usanga ari imwe yashoboye guhuriza hamwe abagabo, abagore, abana, abakuze, abasaza, abantu bava mu madini hamwe n'ubwoko butandukane, abanyeshure, abakozi, incabwenge, abarwizatunga hamwe n'abandi benshi.

Integuro irahambaye cane kubera urugamba rwo kwirwanirira ruba hagati y'uwushaka impindika, cane cane umuhari, canke umurwi hamwe n'uwo batavugarumwe, kenshi usanga afise uburyo n'inguvu. N'ico gituma ukwitunganya hamwe n'ubuhinga bikenewe kugira inguvu n'ubushobozi vy'umuhari bikoreshwe neza. Abatwara umuhari barafata ingingo zibereye kandi zisaba ukwiyumvira, nko gusuzuma ingene bokwongereza uburyo n'ingene bukoreshwa neza, kumenya aho uwo bahanganye agoyagoya n'ingene boca babikorako, hamwe no kumenya kwicungera neza. Bisigura ko muri rusangi, ingingo zidafatwa giturumbuka. Kugira integuro ikorwe neza, ni ngombwa yuko abantu babanza kumenya ibintu bibiri. Ubwambere, abahinga b'umuhari bagomba kuba bafise ubumenyi bukwiye bw'ingene akarere kameze (mu vya poritike, ubutunzi hamwe n'ikibano), hamwe no gutahura ivyipfuzo vy'imirwi itangukanye y'abanyagihugu. Ubwa kabiri, abahinga b'umuhari bagomba kumenya ibiranga urugamba rudasaba ingimba. Ubu bumenyi bashobora kuburuka mu buryo butandukanye: mu banywanyi boba barabiciyemwo, mu bitabo, mu mareresi, kuri interineti, canke mu guhanahana iviyumviro n'abandi bahinga babifisemwo uburambe.

Umwanzuro wo kudakoresha ingimba ufise akamaro kanini kubera iyo abagize umuhari batanguye gukoresha ingimba, bituma isura y'umuhari itosekara, kandi biraha abakeba icitwazo co gukoresha inguvu zirenze. Vyongeye, iyo umuhari ukoresheje ingimba, bituma abantu benshi bawuva inyuma kubera baba batinya ingaruka yavyo. Ikindi n'uko iyo abanywanyi batanguye kugirira nabi abasoda n'abapolisi, batakaza amahirwe yo kubona bamwe muri izo nzego canke abandi bantu babagirira impuhwe, canke babashigikira. Gukoresha inguvu rero n'igihushane c'imvo n'imvano yitezwe mu rugamba ruzira ingimba, kuko ivyo umuhari uharanira - ukwisanzura no kubaho neza kuri bose - bitegerezwa kujana n'ibikorwa vyawo kuburyo abantu bo mu mpande zose (ashaka impinduka, abayoboke ba leta, amakungu) bobitahura, kandi bikenewe, bakabishigikira.